

Bab V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, jeung pedaran kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 anu nganggo modél pembelajaran CTL tipe *modeling* bisa dicindekeun ieu di handap.

- a. Kamampuh siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 dina nulis karangan déskripsi basa Sunda saméméh ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling* miboga peunteun *pretest* rata-ratana 53,76, peunteun aspék tina eusi miboga rata-ratana 52, peunteun aspék organisasi dina karangan siswa moboga rata-rata 57, peunteun aspék dina komposisi karangan siswa moboga rata-ratana 51, peunteun wangun basa dina karangan déskripsi siswa boga peunteun rata-rata siswana 47, peunteun éjahan dina karangan siswa boga peunteun rata-rata siswana 59, peunteun karapihan tulisan siswa dina nulis karangan déskripsi miboga peunteun rata-ratana nya éta 62. Hasil tina *pretes* nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi tina 30 jumlah siswa aya 3 siswa anu bisa nulis karangan déskripsi atawa 10% meunang peunteun ≥ 70 .
- b. Kamampuh siswa kelas VII C SMPN 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 dina nulis karangan déskripsi basa Sunda sabada ngagunakeun modél pembelajarn CTL tipe *modeling* anu rata-ratana 65, 1. Éta rata-rata tés karangan peunteun tina aspék eusi miboga rata-ratana 64, 5, peunteun aspék organisasi dina karangan siswa rata-ratana 69, peunteun aspék dina komposisi karangan siswa rata-ratana 60, peunteun wangun basa dina karangan déskripsi siswa boga peunteun rata-rata siswana 68, 5, peunteun éjahan dina karangan siswa boga peunteun rata-rata siswana 59, peunteun karapihan tulisan siswa dina nulis karangan déskripsi peunteun rata-ratana nya éta 65. Hasil tina *postes* nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi téh ngaronjat. Tina 30 jumlah siswa aya 10 siswa anu bisa nulis

karangan déskripsi atawa 30% meunang peunteun ≥ 70 , jeung anu teu acan nyumponan kana peunteun ≥ 70 aya 20 siswa.

- c. Aya béda anu signifikan antara rata-rata *pretest* jeung rata-rata *posttest* kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII-C SMPN2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling*. Rata-rata aya peningkatan 8,26 % hasil uji hipotesis, yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $5,94 > 2,46$ anu hartina hipotesis alternatif (H_a) ditarima sarta hipotesis (H_0) ditolak.

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekeun yén aya béda antara kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas VII-C SMPN2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013-2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pembelajaran CTL signifikan 8,26 %. Rata-rata kamampuh nulis karangan déskripsi siswa Kelas VII-C SMPN2 Ciwaringin taun ajaran 2013-2014 ngaronjat sabada ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling*.

5.2 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis karangan déskripsi basa Sunda ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling* ka siswa SMP NEGERI 2 Ciwaringin Kabupatén Cirebon taun ajaran 2013-2014 aya sababaraha rekomendasi tina ieu panalungtikan di antarana ngawengku hal-hal saperti ieu di handap.

- a. Hasil tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan kamampuh dina nulis karangan déskripsi siswa ngagunakeun modél pembelajaran CTL tipe *modeling*, yén modél pembelajaran ieu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan. Ku kituna ieu modél bisa jadi alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis siswa basa Sunda, bisa oge pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran nu séjénna;
- b. Kusabab ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén di hiji sakola, mangka kudu diayakeun panalungtikan lanjutan anu ngagunakeun

ékspérimén murni di sakola séjén sangkan hasil tina ieu panalungtikan bisa di generalisasi kana populasi atawa leuwih jembarna;

- c. *Implementasi tina modél pembelajaran*, dina ngagunakeun modél ieu aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nya éta; bisa ngondisikeun ruang kelas nalika diskusi, bisa méré motifasi anu ngirut ka siswa-siswana, leuwih asak dina ngarancang pangngajaran ngagunakeun modél CTL tipe *modeling*.